

Office of the Superintendent
Dr. Vickie L. Cartwright
Interim Superintendent of Schools

600 Southeast Third Avenue
Fort Lauderdale, Florida 33301
phone: 754-321-2600 • fax: 754-321-2701
vickie.cartwright@browardschools.com
browardschools.com

The School Board of
Broward County, Florida

Laurie Rich Levinson, Chair
Patricia Good, Vice Chair

Lori Alhadeff
Debra Hixon
Donna P. Korn
Sarah Leonardi
Ann Murray
Dr. Rosalind Osgood
Nora Rupert

Dr. Vickie L. Cartwright
Interim Superintendent of Schools

Elèv, Fanmi, Estaf ak Kominote Lekòl Piblik Broward County,

Le Lendi, 14 Fevriye, 2022, Lekòl Piblik, *Broward County Public Schools (BCPS)*, va obsève yon Jounen Sèvis epi Amou (*A Day of Service and Love*) pou onore 17 moun ki te pèdi lavi yo epi rekonèt tout moun ki te blese epi sibi donmaj nan kò le 14 Fevriye, 2018, nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School. Distri Lekòl nou pap janm bliye elèv ak estaf sa-yo, Fallen Eagles.

Alyssa Alhadeff
Scott Beigel
Martin Duque Anguiano
Nicholas Dworet
Aaron Feis
Jaime Guttenberg
Christopher Hixon
Luke Hoyer
Cara Loughran
Gina Montalto
Joaquin Oliver
Alaina Petty
Meadow Pollack
Helena Ramsay
Alex Schachter
Carmen Schentrup
Peter Wang

Gen anpil aktivite ki planifye nan lekòl nou yo. Elèv ak estaf va reyini ansanm pou reflechi epi chonje. **Atravè Distri a nou chak va obsève yon moman silans a 10:17 a.m. tapan.** Lekòl yo

òganize aktivite ak pwojè ki va fokus sou tèm **rekonekte** ak ou-menm, kamarad, lanati, ak lekòl epi ak kominote a.

Enfòmasyon ki nan Gid pou Paran va ede paran, responsab ak moun ki pran swen lezòt konprann jan pou yo pale ak timoun-yo sou trajedi sa epi jan pou ede timoun fè fas ak santiman-yo; nan gid-la gen ransèyman itil sou resous sante mantal pou moun ki bezwen itilize li.

Distri nou pral santre atansyon li sou sekirite ak byennèt elèv epi estaf nou yo. Se avèk anpil imilite mwen obsève kominote lekòl Marjory Stoneman Douglas High School jere sitiyasyon ak gras epi kouraj epitou obsève rezilyans tout elèv ak anplwaye nou yo.

Mèsi pou sipò kontini ou.

A handwritten signature in blue ink that reads "Vickie L. Cartwright". The signature is written in a cursive style with a light blue background behind the text.

Dr. Vickie L. Cartwright
Interim Superintendent of Schools